

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Jawa Barat hususna tatar Priangan atawa Pasundan mangrupa kawasan anu kawéntar ku kaéndahan alam sarta ku subur ma'murna. Lian ti ku kawéntar ku kaéndahan alamna, Jawa Barat ogé jembar ku rupa-rupa kasenian jeung kabudayaan katut ajén-inajénna. Di Sunda sorangan, kasenian réa pisan rupana, salasahijina nyaéta kawih. Kawih jeung masarakat Sunda raket pisan patalina. Éta hal katitén dina kahirupan sapopoé masarakat Sunda nu ti mimiti mépéndé budak, ngamandian budak, ngawuluku, ngeprak manuk di sawah, nepi ka ngoréd di huma, sok dibarengan ku ngahaleuang (Hendrayana spk., 2017, kc. 64).

Kawih Sunda geus aya tur dipikawanoh ku masarakat Sunda ti saméméh abad XVI. Éta bisa katitén tina catetan sajarah sakumaha nu kaunggel dina naskah Sunda Kuno *Sanghyang Siksakanda ng Karesian* nu titimangsana taun 1518 Maséhi (Abad XVI), atawa dina mangsa karajaan Pajajaran.

Tapi, sok sanajan istilah kawih geus dipaké ku masarakat Sunda ti jaman béké ditu kénéh ogé kungsi aya dina mangsa kaemasannana, teu bisa dipungkir yén éksisténsi kawih éta sorangan geus mimiti rada ngurangan. Katitén dina sababaraha kawih nu disebutkeun dina éta naskah téh geus teu dipikawanoh deui. Komo deui dina jaman kiwari, kawih geus mimiti dipohokeun ku sawatara masarakat utamana di kalangan barudak jeung para rumaja. Padahal, saupamana ditilik leuwih teleb deui dina rumpaka kawih réa pisan ajén-inajén positip anu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

Pikeun neuleuman ajén-inajén nu nyampak dina rumpaka kawih asuh barudak, diperlukeun ayana tiori nu bisa dijadikeun dadasar pikeun nalungtikna. Rumpaka nu aya, ditilik deui leuwih jero kana wangan jeung eusina nu patali jeung unsur penting dina sajak. Nurutkeun Mustappa (2014, kc. 37) aya tilu unsur penting dina sajak, nyaéta Imaji, Simbul atawa Lambang, jeung Musicalitas atawa wirahma. Biasana tilu unsur éta disebut ISIM. Tapi ISIM tacan cukup pikeun nyumponan ayana sajak nu alus da éta nu tilu mah disebut pokona wungkul. Supaya bisa dalit, nya disambaraan maké Suasana, Téma, jeung Gaya basa. Biasa disingget jadi STG.

Lian ti éta, kawih ngandung ajén étnopédagogik. Salasahiji aspék tina ajén-ajén étnopédagogik nyaéta atikan karakter. Istilah étopédagogik asalna tina dua kecap, nyaéta *etno jeung pedagogik*. Istilah étano asalna tina basa Yunani *ethnos* nu hartina “suku bangsa” atawa “lokal”. Hartina, étnopédagogik mangrupa atikan budaya lokal. Étnopédagogik dimangpaatkeun minangka ajén kahirupan nyaéta ajén atikan, ajén kaagamaan, ajén moral, jeung ajén sosial. Nu dijadikeun dasar pikeun maluruh ajén dina ieu panalungtikan nyaéta ajén-ajén atikan karakter nu dipaheutkeun ku Kemendiknas, anu ngawengku 18 ajén atikan karakter nyaéta ajén *religius, jujur, toleransi, disiplin, kerja keras, kréatif, mandiri, domokratis, rasa ingin tahu, semangat kebangsaan, cinta tanah air, menghargai prestasi, bersahabat/komunikatif, cinta damai, gemar membaca, peduli lingkungan, peduli sosial*, jeung *tanggung jawab*.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikanya nyaéta métode deskriptif analisis kalawan pamarekan kualitatif. Métode déskriptif analisis nyaéta métode nu ngagambarkeun kaayaan nu keur lumangsung nalika panalungtikan dilakukeun nu dumasar kana fakta nu aya (Arikunto, 1998, kc. 309). Sedengkeun pamarekan kualitatif nyaéta panalungtikan anu nyoko kana sumber data dina wangan kecap, boh sacara lisan atawa tulisan Moleong (dina Arikunto, 2013, kc. 22).

Dumasar kana hasil analisis, struktur dina album rumpaka kawih asuh barudak *Cita-Cita* dieuyeuban ku imaji-imaji anu tilu nyaéta, imaji auditif, imaji visual, jeung imaji taktil. Dina sakabéh rumpaka, teu kapanggih simbul-simbul atawa lambang, sabab saluyu jeung udaganana yén ieu rumpaka ditulis pikeun barudak, sahingga kekecapan nu digunakeunana leuwih basajan tur hartina nembrak atawa teu nyamuni. Musikalitasna, sacara gembleng ti mimiti rumpaka anu ka hiji nepi ka dua belas didominasi ku vokal *a* sarta konsonan *n* jeung *ng*. Ku sabab kitu, ieu rumpaka asup kana wanda eufoni, sahingga rumpakana merenah pikeun dihaleuangkeun. Tapi sanajan kitu, dina ieu album rumpaka kapanggih sababaraha kecap anu kaasup kana wanda kakofoni anu bisa ngabalukarkeun rumpaka teu merenah pikeun dihaleuangkeun. Tapi, ku sabab wanda eufoni leuwih ngadominasi dina rumpakana, wanda kakofoni antukna teu mangaruh kana robahna kaéndahan rumpaka. Suasana dina unggal kawih didominasi ku suasana bungah, ieu ogé saluyu jeung nu ditétélakeun ku Ubun nalika diwawancara yén dina kawih asuh barudak

kudu saluyu jeung karakter jeung kamampuh barudak, nyaéta praktis, ngirut jeung mawa kana rasa bungah. Téma nu aya dina unggal rumpaka variatif pisan ti mimiti religius, cinta lemah cai, sosial, budaya, jsb. Gaya basa nu nyampak dina rumpaka kawih asuh dumasar kana 11 wanda gaya basa nurutkeun Sudaryat, kapaluruh aya opat wanda gaya basa nyaéta gaya basa ngupamakeun, kadalon, rarahulan, jeung lalandian.

Kontéks penuturan dina ieu panalungtikan leuwih museur kana cara ngaéksprésikeunnana. Kawih asuh diéksprésikeun ku cara ngagunakeun métode tilu léngkah anu diciptakeun ku Dian Hendrayana salaku pangarang rumpakana anu ngawengku galantang maca, galindeng nutur, jeung galindeng bisa. Sanggeus éta métode dilakukeun, pikeun ngaéksprésikeun ieu kawih asuh leuwih jauh deui, bisa ngalakukeun gerakan-gerakan téatrikal anu di pingpin ku guru, sabab dina prakprakanana guru miboga peran penting pikeun ngaping budak/ siswa, sahingga kréatifitas guru diperlukeun dina ieu kagiatan. Prosés kréatif nu nyampak dina kawih asuh nyampak dina ngaadumaniskeun antara rumpaka sajak, musik sarta lagu, jeung 18 (dalapan belas) ajén atikan karakter nurutkeun Kemendiknas.

Rumpaka nu aya dina Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita* miboga fungsi minangka alat atawa pakakas atikan. Fungsi jeung harti nu kapaluruh dina rumpaka kawih asuh nyaéta saperti ngatik sangkan miboga cita-cita nu luhung, silih ngahurmat jeung sasama anggota kulawarga, ka guru, jeung babaturan, tartib nalika keur ngagunakeun kandaraan saluyu jeung aturan lalu lintas nu lumaku, wanoh jeung micinta kana seni jeung budaya, paduli tur miara lingkungan, jadi jalma nu tanggung jawab, deukeut jeung nu Maha Kawasa, mikanyaah ka Indung jeung Bapa, teu nganyalahgunakeun téhnologi.

Dina Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita* kapaluruh aya 18 ajén atikan karakter nu dipaheutkeun ku KEMENDIKNAS anu ngawengku ajén atikan *religius, jujur, toleransi, disiplin, kerja keras, kreatif, mandiri, demokratis, rasa ingin tahu, menghargai prestasi, bersahabat, komunikatif, semangat kebangsaan, cinta tanah air, cinta damai, gemar membaca, peduli lingkungan, peduli sosial, jeung tanggung jawab.*

Dumasar kana hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun yén Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita* mibanda struktur nu basajan tur ngagunakeun kekecapan anu gampang pikeun dipikaharti ku barudak, lian ti éta di jerona loba pisan ajén-inajén atikan karakter nu bisa dilarapkeun ku barudak dina kahirupan sapopoé. Sahingga, kawih asuh barudak éfektfis pisan pikeun digunakeun minangka sarana atikan karakter pikeun barudak.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis anu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan miboga implikasi dina widang paélmuan atawa atikan, sahingga ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran paélmuan dina widang sastra, hususna ulikan struktural, jeung ajén étnopédagogik dina karya sastra. Lian ti éta, kawih asuh barudak mibanda ajén atikan karakter anu euyeub di jerona, sahingga dipiharep bisa dilarapkeun dina pangajaran basa Sunda di sakola pikeun numuwuhkeun karakter anak bangsa.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan tangtu masih kénéh loba kahéngkérán, ku kituna panalungtik nuliskeun sababaraha ékoméndasi saperti ieu di handap. Ieu rékoméndasi ditujukeun pikeun sababaraha pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) Pikeun panalungtik saterusna, panalungtikan anu maluruh étnopédagogik kudu terus dilaksanakeun, sabab dina kaarifan lokal loba pisan ajén-inajén positip anu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Lian ti kitu, ku maluruh étnopédagogik dina panalungtikan, hartina urang geus milu ancrub tur ilubiung dina ngariksa budaya minangka warisan ti karuhun urang nu kudu tetep dijaga kalumangsungannana.
- 2) Pikeun guru, dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan ngeunaan ulikan struktural jeung étnopédagogik, tur ngalarapkeun Kawih Asuh Barudak minangka média dina pangajaran basa Sunda di sakola. Sabab, kawih asuh barudak euyeub ku ajén atikan karakter positip anu bisa numuwuhkeun karakter jeung moral siswa di sakola.

- 3) Pikeun masarakat, dipiharep aya aprésiasi jeung wanoh sarta mikaresep kana kawih minangka seni titinggal karuhun urang Sunda, sangkan seni jeung budaya nu dipilik ku uramg tetep kajaga kalumangsungannana.